السنّة النبوية وعلومها
www.sunnah.global

# misaalum jullit biy jàng Alxuraan moo ngi mel ni Utruja, xetam ga dafa teey ak cafkaam teey, misaalum jullit bi dul jàng Alxuraan moo ngi mel ni tàndarma, amul xet te cafkaam dafa neex

Jële nañu ci Abuu Muusaa Al-Asharii -yal na ko Yàlla dollee gërëm-mu wax ne :Yonnente Yàlla bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-nee na: «misaalum jullit biy jàng Alxuraan moo ngi mel ni Utruja, xetam ga dafa teey ak cafkaam teey, misaalum jullit bi dul jàng Alxuraan moo ngi mel ni tàndarma, amul xet te cafkaam dafa neex,misaalum naaféq biy jàng Alxuraan moo ngi mel ni ngun-ngun xetam dafa teey cafkaam wex,misaalu naaféq bi dul jàng Alxuraan moo ngi mel ni xettar, amul xet te cafkaam dafa wex»
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral xaaji nit ñi ci jàng Alxuraan ak di ci jariñu: Xaaj bu njëkk bi: jullit biy jàng Alxuraan di ci jariñu,moom day mel ni meññitum Utruja,day teey cafka ak xet te rafet melo,ay njariñam bari,moom day jëfe li muy jàng,di ci jariñ jaami Yàlla yi. Ñaareel bi: jullit bi dul jàng Alxuraan, moom day mel ni tàndarma,cafkaam day neex,te amul xet, xolam day làmboo ngëm kem ni tàndarma di làmboo neexit ci cëfkaam ak ci biiram,te du feeñal xet gu nit ñi di noyyi;ndaxte du féeñal am njàng mu nit ñi di bég ci déglu gi. Ñatteel bi: naaféq biy jàng Alxuraan, moom day mel ni ngun-ngun, xet gu teey la am te cafkaam wex, ndaxte defarul xolam ci ngëm, te jëfewul Alxuraan, te day feeñ ci kanamu nit ñi ne ab jullit la, moom xetam teey di niróo ak njàngami, cafkaam wex di niróo ak kéefaram gi. Ñenteel bi: naaféq bi dul jàng Alxuraan, moom day mel ni xettar, ndax amul xet, te ñamam dafa wex, ñàkkug xetam day niróo ak ni mu ñàkke xet; ngir ñàkk a jàngam, wexug cafkaam day niróo ak wexug kéefaram, biiram amul ngëm, bitteem amul njariñ.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee